

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Indonésia mangrupa nagara multikultural anu diwangun ku sababaraha ras, suku, agama, basa, jeung étnis. Tina kanyataan nu multikultur téa balukarna ayana rupa-rupa perbedaan budaya atawa majemuk (hétérogén). Éta hétérogénitas téh minangka bukti yén bangsa Indonésia téh beunghar ku kabudayaanana. Demi kabudayaan nasional téh dina enas-enasna mah diwangun ku kabudayaan-kabudayaan lokal ti unggal wewengkon-wewengkon anu aya di Indonésia. Malah aya nu ngahartikeun yén kabudayaan nasional teh saéstuna minangka “puncak-puncak” kabudayaan daérah. Salah sahiji wewengkon nu aya di Indonésia téh di antarana Jawa Barat, anu mayoritas sékésélér Sunda. Dina kahirupanana, urang Sunda ngabogaan tradisi anu mekar di sabudeureunana, éta tradisi minangka bagian tina budaya sarta mangrupa idéntitas pangbéda jeung tradisi étnis séjénna.

Minangka bagian tina budaya, tradisi atawa kabiasaan téh biasana sok dilakukeun dina wujud sérémonial tur dianggap sakral sarta dilakukeun sacara turun tumurun dina hiji masarakat nu tangtu, nu aya patalina jeung kahirupan éta masarakat. Upacara tradisional mangrupa wujud tina hubungan antara manusa jeung pribadina, masarakatna, alamna, ogé Pangéranna. Manusa sadar yén dirina aya di tengah masarakat manusa jeung alamna, sarta aya kakawasaan anu ngaraksa alam. Éta hubungan mibanda tujuan pikeun ngahontal kasalametan jeung kani'matan, anu ngaliwatan kana kasadaran dirina sorangan, masarakat

sabudeureunana, alam, jeung kakawasaan nu ngaraksa kahirupan sakumna. Upacara tradisional ogé mangrupa salah sahiji wujud kabudayaan anu patali jeung sistem kapercayaan (Anoegrah, 2008).

Dina kapercayaan urang Sunda, atra pisan gumulungna antara *animisme* *dinamisme*, Hindu-Budha sarta Islam. Conto gumulungna antara agama (Islam) jeung kapercayaan séjén nya éta tradisi Nadran di Désa Blanakan, Kecamatan Blanakan, Kabupatén Subang. Tradisi Nadran téh mangrupa salah sahiji upacara tradisional anu masih kénéh dimumulé ku masarakat sabudeureun Désa Blanakan nu tujuanana nya éta minangka ébréhan tumarimana (rasa sukur) para pamayang kana hasil lauk salila ieu anu mucekil sarta sangkan ka hareupna bisa meunang hasil anu leuwih loba sarta dipaparina kasalametan jeung kaberkahan.

Di Désa Blanakan masih aya kénéh sakelompok masarakat anu nyekel pageuh kana tradisi karuhunna, masarakat Désa Blanakan anu umumna geus kapangaruhan ku arus *modérnisasi*, anu ku sabagian masarakatna hususna generasi ngora nganggap yén éta tradisi téh dianggap kuna atawa geus teu luyu jeung kamekaran jaman, sarta aya sababaraha bagian anu dianggap méngpar tina ajaran agama. Ku lantaran kitu, kawilang penting pikeun urang mikawanoh kana unggal simbol-simbol nu dipaké dina tradisi Upacara Nadran sangkan teu patukang tonggong jeung ajaran agama anu diagem. Di jaman ayeuna mah tradisi karuhun téh dianggap méngpar ti ajaran agama, lantaran dianggap leuwih ngagem kana sistem kapercayaan.

Panalungtikan tradisi Nadran ieu mangrupa bagian tina usaha ngamumulé ajén-inajén budaya bangsa sagemblengna. Lian ti éta panalungtikan nu

dilaksanakeun di Désa Blanakan ieu dipiharep boga mangpaat pikeun pangdeudeul dina ngamekarkeun kabudayaan jeung tradisi éta sorangan, utamana dina dunya atikan. Harepan ieu panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan ajar di SMP kelas VII. Mangsa kiwari, hususna generasi ngora masih kénéh kurang wanoh tur weruh kana kabudayaanana.

Salah sahiji tarékah sangkan kaum rumaja weruh kana ieu tradisi, nya éta ku cara ieu tradisi diwanohkeun di lembaga atikan formal kayaning sakola, ku cara ngaliwatan pangajaran basa jeung sastra Sunda, atawa pangajaran séjénna. Éta hal dumasar kana Keputusan Gubernur Jawa Barat dina KTSP taun 2006, pangajaran Basa jeung Sastra Sunda diwajibkeun ti mimiti SD, SMP, jeung SMA. Pangajaran basa jeung sastra Sunda ngabogaan tujuan pikeun ngajénan jeung nimbulkeun rasa kareueus kana basa jeung sastra Sunda, paham kana basa jeung sastra Sunda, sarta mampu maké basa Sunda kalawan bener tur merenah.

Di SMP, pelajaran muatan lokal basa jeung sastra Sunda diajarkeun di kelas VII, VIII, jeung kelas IX anu mangrupa mata pelajaran muatan lokal wajib di Jawa Barat. Dina ieu panalungtikan, nu nyusun baris ngangkat unak-anik Upacara Nadran anu mangrupa salah sahiji upacara adat anu aya di wewengkon Subang. Hasil tina ieu kajian baris dijadikeun salah sahiji alternatif bahan ajar anu ditepikeun di SMP kelas VII. Jenis matéri anu ditepikeunana nya éta matéri bahasan, lantaran dina Pemetaan Materi Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda Tingkat SMP/MTS Kelas VII aya jenis matéri bahasan (Suharma, 2008: iv).

Nu mutalaah perkara upacara-upacara patali jeung ajén-inajén kaitung loba nu geus dilaksanakeun, saperti anu kaunggel dina judul-judul skripsi ieu di handap:

- 1) *Fungsi Simbol dina Upacara Labuh Saji Nelayan Kecamatan Palabuhanratu Kabupatén Sukabumi*, ku Andika Nugraha taun 2009;
- 2) *Ajén Éstétika dina Upacara Sérén Taun di Cigugur Kuningan*, ku Nova Scoviana taun 2007;
- 3) *Ajén Falsafah nu aya dina Simbol-Simbol Prosés Hatam Al'Quran dina Upacara Kawinan Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi*, ku Risna Septiani taun 2008;
- 4) *Ajén Falsafah Upacara Sawér Pangantén pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP 12 Bandung Kelas VIII Ngagunakeun Méthode Démonstrasi*, ku Temmy Widyastuti taun 2008
- 5) *Ajén Sosiologis dina Tradisi Upacara Adat Ngalaksa di Désa Rancakalong Kecamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII*, ku Ikhsan Nugraha taun 2011
- 6) *Fungsi Simbol dina Upacara Salametan Solokan Cobleng di Kampung Cirateun Kecamatan Sukasari Kodya Bandung*, ku Ganjar Anoeagrah taun 2008.

Kalayan nilik kana éta tinimbangan, ieu panalungtikan dibéré judul “Ajén Simbolis dina Upacara Nadran di Désa Blanakan Kecamatan Blanakan Kabupatén Subang pikeun Salah Sahiji Alternatif Bahan Ajar Di SMP Kelas VII (Ulikan Struktural-Sémiotika)”, tangtuna waé aya perbédaan jeung kaistiméwaan antara

judul nu baris ditalungtik jeung judul nu geus aya, di antarana: sumber data, Upacara Nadran can aya nu ngagarap sarta dina ieu panalungtikan leuwih ngulik kana strukturalisme jeung sémiotika anu aya dina Upacara Nadran.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Mutalaah anak-anik katut prak-prakan Upacara Nadran téh kacida legana, komo mun seug dipatalikeun jeung samporétna waktu, biaya, katut tanaga nu nalungtik tangtu kana moal kabadanan. Ku kituna, sangkan museur kana masalah anu ditalungtik, ieu skripsi téh baris diwatesanan, rék nyindekel kana ajén simbolis nu nyampak dina Upacara Nadran. Sabada kacangking eusi katut ajén-inajénna, tuluy rék dipatalikeun jeung pangajaran nya éta dijadikeun salah sahiji alternatif bahan ajar di SMP kelas VII.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Kumaha sajarah jeung déskripsi Upacara Nadran?
- b. Kumaha prak-prakanana tradisi Upacara Nadran téh, ti mimiti rarancang upacara (pra upacara), prakna upacara, jeung pasca upacara?
- c. Simbol naon waé anu aya dina tradisi Upacara Nadran?
- d. Ajén-inajén naon anu aya tina saban simbol-simbol katut mangpaat atawa gunana dina tradisi Upacara Nadran?

- e. Kumaha déskripsi bahan pangajaran bahasan tradisi Upacara Nadran?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta sangkan tradisi Upacara Nadran anu aya di Désa Blanakan, Kecamatan Blanakan, Kabupatén Subang dipikawanoh tur dimumulé ku masarakat umum, sarta wanoh kana ajén-inajén anu aya dina éta upacara adat anu saterusna diwariskeun ka entranan anyar dina wangun bahan pangajaran anu ditepikeun di lembaga atikan formal kayaning sakola.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikan:

- a. Kumaha sajarah jeung déskripsi Upacara Nadran;
- b. Kumaha prak-prakanana tradisi Upacara Nadran téh, ti mimiti rarancang upacara (pra upacara), prakna upacara, jeung pasca upacara;
- c. Simbol naon waé anu aya dina tradisi Upacara Nadran;
- d. Ajén-inajén naon anu aya tina saban simbol-simbol katut mangpaat atawa gunana dina tradisi Upacara Nadran;
- e. Nyusun bahan pangajaran bahasan tradisi upacara adat pikeun bahan pangajaran di SMP.

1.4 Mangpaat panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep aya mangpaatna, di antarana:

- a. Pikeun panalungtik, sangkan nambahan kajembaran pangaweruh katut fungsina ngeunaan tradisi Upacara Nadran di Désa Blanakan, Kecamatan Blanakan, Kabupatén Subang;
- b. Pikeun nambahan kareueus jeung ngamumulé kana budaya urang anu jembar;
- c. Pikeun nu maca, ku ayana ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina hal budaya, sarta dipiharep bisa nambahan pangaweruh jeung motivasi pikeun ngarojong dina usaha ngamumulé kabudayaan/tradisi Sunda.
- d. Pikeun dijadikeun bahan pangajaran di SMP.

1.5 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta “Ajén Simbolis dina Upacara Nadran di Désa Blanakan Kecamatan Blanakan Kabupatén Subang pikeun Salah Sahiji Alternatif Bahan Ajar di SMP Kelas VII (Ulukan Struktural-Sémiotika)”

Sangkan leuwih écés tur henteu nimbulkeun rupa-rupa tapsiran, baris ditataan wangenan operasional judul ieu panalungtikan, nya éta:

1. *Ajén* Nurutkeun KUBS (2007: 18) nya éta pangaji atawa harga. Sedengkeun nurutkeun KUBI (1996: 944) *nilai yang artinya harga, derajat atau suatu perbuatan dan pengabdian yang berguna untuk kemaslahatan manusia pada umumnya.*
2. *Simbolis* nya éta lambang anu dipaké dina runtuyan tradisi Upacara Nadran anu diayakeun di Désa Blanakan, Kecamatan Blanakan, Kabupatén Subang. Simbol anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta anu mangrupa pakakas

dina upacara, waktu upacara, paripolah dina upacara jeung jalma anu mingpin upacara.

3. *Upacara Tradisi* nya éta kagiatan masarakat anu geus jadi kabiasaan atawa hasil kabudayaan anu diwariskeun ti hiji generasi ka generasi sacara turun tumurun ti karuhun.
4. *Nadran* nya éta hiji upacara adat anu biasa diayakeun ku masarakat di Désa Blanakan Kabupatén Subang.
5. *Bahan ajar* nya éta éta sajumlahing matéri anu baris ditepikeun ka siswa dina kagiatan diajar-ngajar.

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar hartina pamikiran nu bebeneranana bisa ditarima ku balaréa. Niténan hal éta, tétéla pisan yén anggapan dasar téh mangrupa tatapakan dina mikir pikeun ngaréngsékeun masalah anu baris ditalungtik.

Nu jadi anggapan dasar ieu panalungtikan téh nya éta:

1. Mikawanoh kana falsafah tina simbol Upacara Nadran kawilang penting pikeun nambahan pangaweruh;
2. Upacara Nadran mangrupa salah sahiji tradisi buhun;
3. Upacara Nadran mibanda ajén-inajén budaya anu luhung.
4. Bahan ajar bahasan Upacara Nadran luyu jeung pangajaran bahasa jeung sastra Sunda di SMP kelas VII.

